

Byenvini O Kanada



BATI YON KOMINOTE



Lè w santi w nan yon kominote, ou an koneksyon ak lòt moun, epi ou fè pati yon gwoup, sa fè w santi ou lakay ou O Kanada.

KONEKTE

Rantre nan pwogram ke òganizasyon ak sant kominotè yo òganize. Oubyen rantre nan gwoup espò lokal yo epi bay tèt ou kòm volontè nan aktivite; sa kapab fè w rankontre lòt moun epi fè zanmi. Koneksyon sa yo kapab fè w jwenn yon rezo moun ki ka ede w avanse pwofesyonèlman epi jwenn bonjan travay.

ÒGANIZASYON K AP EDE W TABLI

Nan òganizasyon k ap ede w tabli, se bon kote pou w rankontre lòt moun e aprann plis de kominote ou a. Òganizasyon sa yo gen aktivite ki ka ede w rankontre ak volontè oubyen ak moun ki ka ankadre w pou w ka rive santi w plis lakay ou toujou. Òganizasyon k ap ede moun tabli yo mete soupye yon varyete aktivite sosyal ak pwogram, tankou gwoup konvèsasyon, evenman espòtif ak atelye sou diferan kalite sijè.

PWOGRAM LOKAL

Vil yo konn ofri pwogram pou tout moun ki vle: timoun, jèn ak granmoun. Men kèk egzanp nan aktivite sa yo : espò, aktivite vizyèl, mizik, kou Kwizin ak kou lidèchip. Pwogram sa yo kapab varye selon sezon an; pandan ete konsa, yo fè plis aktivite deyò, alòske nan peryòd fredi yo fè plis aktivite anndan. Pwogram yo ka varye nan kantite tan yo dire tou. Gen nan yo ki gratis e genyen ki mande yon frè enskripsyon.



Immigration, Refugees
and Citizenship Canada

Immigration, Réfugiés
et Citoyenneté Canada

Canada

SANT KOMINOTÈ AK BIBLIYOTÈK PIBLIK YO

Sant kominotè yo se kote moun tout laj reyini pou fè aktivite sosyal, pou detann yo, fè espò epi fè tout kalite pwogram.

Nan bibliyotèk piblik yo nou ka jwenn liv, sede (CD), devede (DVD), konmpitè, entènèt, atelye, klas ak fòmasyon pou tout moun nan kominote a – e sèvis sa yo totalman gratis! Ou sèlman bezwen bay prèv kote ou abite epi ou ka jwenn yon kat bibliyotèk. Konsa ou ka itilize kat sa a pou ou prete liv, epi jwenn tout lòt sèvis yo.

VOLONTÈ

Volontè bay sèvis san yo pa touche. Sèvis volontè trè popilè O Kanada, e se yon gwo mwayen pou w rankontre lòt moun, fè eksperyans travay, epi pratike angle oubyen franse.

LÒT MWAYEN POU OU ENTEGRE OU

Lè w patisipe nan evenman lokal yo, tankou festival ak lòt ankò, li pèmèt ou rankontre lòt moun epi aprann plis osijè kominote a e osijè Kanada. Konsa tou, ou ka enskri nan asosyasyon katye yo, oubyen nan klèb sosyal ki fèt an liy osnon souplas.

Men kèk egzanp aktivite konsa : klèb kiltirèl, klèb lekti, klèb jwèt, klèb mizik, klèb nan zafè atis, klèb dans.

Prezante tèt ou bay vwazen ou yo e di yo ke ou fèk vini nan komonite a. Ou menm ak tout fanmi ou kapab rankontre lòt fanmi tou nan pak ak teren ki sou katye a.

Lè w patisipe nan aktivite lekòl pitit ou se yon gwo mwayen pou w rive rankontre moun; patisipe nan kominote lekòl la pou w ka pote sipò nan ledikasyon pitit ou.

La relijyon ka ede w rankontre moun ki gen menm lafwa ak ou. Pou yo pratike lafwa yo, Kanadyen reyini nan legliz, nan sinagòg, nan tanp, nan moske ak nan kay prive.

Ou ka rele tou nan nimewo 211, verifiye Sitwèb meri lavil la, ou ka ale sou entènèt sou [Bénévoles Canada](#), epi vizite bibliyotèk lokal yo, ou ka ale nan òganizasyon kominotè k ap ede w tabli nan peyi a pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kòman ou kapab entegre w nan kominote ou a.



POU PLIS ENFÒMASYON



Pou plis enfòmasyon sou kòman ou a bati kominote ou, vizite [Nouveaux arrivants au Canada : Établir des liens avec votre collectivité - Canada.ca](#).



Pou jwenn sèvis nan zòn ou an k ap ede moun ki fenk vini etabli, ale nan [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous \(cic.gc.ca\)](#).

